



Avi Enskripsyon Travay Pou Èd Manje

DCF Adrès biwo/FAKS #:

Dat: _____

Non dosye a: _____

Nimewo dosye: _____

Ou menm oswa manman nan kay ou ki nan lis anba a se patisipan obligatwa nan Pwogram Èd pou Nitrisyon Sipleman tè (SNAP) (Supplemental Nutritional Assistance Program, SNAP) Travay e Fòmasyon (E&T) (Employment and Training, E&T). Si ou menm oswa manm nan kay ou dwe patisipe, pèsònèl nan CareerSource Center a ap kontakte ou.

Siyati	Prenon

Egzijans pou Patisipasyon nan Travay

Pèsònèl ki nan Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF) (Department of Children and Families, DCF) dwe enskri, nan moman aplikasyon an epi chak 12 mwa apre, manm nan kay la ki pa reponn ak yon dispans nan egzijans travay yo. Manm nan kay sa yo dwe tou:

- Patisipe nan pwogram E&T a si yo asiye ou sa;
- Bay CareerSource Center enfòmasyon konsènan kondisyon travay oswa disponibilite pou travay;
- Bay rapò ak yon anplwayè, si yo rekòmande sa;
- Bay rapò sou rezon ki valab pou pa patisipe, touswit;
- Enfòmasyon CareerSource Center a sou chanjman yo nan patisipasyon an, travay, sikonstans famiyal ki gen ladann chanjman adrès, nimewo telefòn, bezwen pou bay gade timoun ou, pwoblèm transpò, pwoblèm sante, etc.
- Pwogram èd manje, gwoup èd (AG) la dwe chwazi epi dakò sou yon manm pou li kòm tèt AG a ki se yon paran ki granmoun oswa yon granmoun ki gen kontwòl parantal timoun yo ki gen mwens ke 18 lane. Si AG a pa nonmen yon manm kòm tèt ki reponn ak egzijans sa yo, espesyalis pou kalifikasyon an pral nonmen yon granmoun ki gen yon revni ki pi wo kòm tèt AG a.
- Patisipe nan yon pwogram workfare, si yo asiye ou sa;
- Ki pa volontè epi san yon bon rezon, kite yon travay ki mande 30 oswa plis ke 30 èdtan pa semèn oswa redui lè travay yo a mwens ke 30 èdtan pa semèn;
- Aksepte yon òf ki valid pou yon travay ki konvnan;
- Aplike pou travay e chèche travay;

Konsekans si ou pa patisipe

Si ou menm oswa manm nan kay ki endispensab yo pa ranpli egzijans travay yo, DCF la pral pran aksyon nan itilize sanksyon ki annapre yo. Anvan nou lanse yon sanksyon, DCF pral voye yon avi pou yon dezisyon defavorab sou dosye a ba ou. Si ou ranpli egzijans travay yo nan entèval 10 jou anvan dat an vigè a ki nan avi sou dezisyon defavorab la, DCF la pral leve sanksyon an.

(continued on next page)

Sanksyon pou èd manje

1ye sanksyon: Pèt benefis pou èd manje yo pou yon mwa oswa jiskaske gen konfòmite ak règ yo, selon peryòd ki pi long la.

2yèm sanksyon: Pèt benefis pou èd manje yo pou twa mwa oswa jiskaske gen konfòmite ak règ yo, selon peryòd ki pi long la.

3yèm sanksyon: Pèt benefis pou èd manje yo pou sis mwa oswa jiskaske gen konfòmite ak règ yo, selon peryòd ki pi long la.

NÒT: Si moun ki pa ranpli egzijans travay la se li ki tèt kay la, DCF dwe fèmen benefis pou èd manje a pou tout AG a amwenske moun sa reponn ak yon dispans travay E&T oswa eksepsyon ABAWD a.

Enfòmasyon sou patisipasyon nan travay

- Ou gendwa jwenn yon sipèvizè pou revize dosye ou a nan CareerSource Center a. Si ou pa dakò avèk desizyon sou aktivite travay ou oswa sèvis sipò yo, ou gendwa mande yon apèl an odyans.
- Bon rezon ki koz yo gendwa genyen sikonstans ki depase kontwòl ou tankou maladi, ijans nan kay la oswa ratman nan transpò, oswa ratman nan jwenn gad pou timoun ou an yon timoun ki gen mwens ke 12 lane. Si ou gen yon bon rezon, fè CareerSource Center oswa DCF konn sa.

Tan limite pou granmoun ki an sante ki san moun sou kont yo (ABAWD)

Granmoun ki an sante ki san moun sou kont yo a (ABAWD) (Able Bodied Adults Without Dependents, ABAWDs) se granmoun ki an sante ki kapab travay oswa patisipe nan yon pwogram travay epi kote benefis èd manje yo gendwa gen yon tan ki limite.

Tan limite pou ABAWD se moun ki:

- Gen 18 rive nan 49 lane;
- Pa gen timoun ki gen mwens ke 18 lane;
- Pa reponn ak yon ekspesyon pou delè ABAWD yo; oswa,
- Pap viv nan Domèn Mendèv an Sipli yo (Labor Surplus Areas) (ke federal apwouve domèn eta a ki gen gwo to chomaj) lè eta a gen yon egzanpsyon ke Sèvis Nitrisyon ak Manje a apwouve.

Lè sèvis E&T yo disponib pou ABAWD, yo kapab jwenn benefis pou èd manje nan sèlman twa mwa an plen sou yon peryòd 36 mwa amwenske yo reponn ak règ travay yo. Reponn ak règ travay yo vle di:

- Travay 20 èdtan pa semèn;
- Travay epi patisipe nan yon pwogram pou yon kantite 20 èdtan an total pa semèn;
- Patisipe nan yon pwogram travay 20 èdtan pa semèn epi fè tout aktivite yo; oswa,
- Patisipe epi reponn ak tout règ pwogram workfare yo.

Vini kalifye ankò

Yon moun ABAWD ki te deja resevwa benefis pou èd manje pandan yon peryòd limite twa mwa gendwa resevwa benefis ankò nan fè youn nan sa ki anba yo nan yon entèval 30 jou anvan ou aplike:

- Travay pou 80 èdtan oswa plis;
- Pran pa epi reponn ak tout règ yon pwogram travay pou 80 èdtan oswa plis lè;
- Reponn ak yon eksepsyon delè ABAWD yo oswa egzanpsyon E&T; oswa,
- Travay epi patisipe nan yon pwogram travay pou yon kantite total de 80 èdtan; oswa patisipe epi reponn ak tout règ yo nan pwogram workfare la.

Enstitisyon sa entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, kote w soti, andikap, laj, sèks, epi nan kèk ka, relijyon oswa kwayans politik. Depatman Agrikilti nan Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, kote w soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil ki pase, nan nenpòt pwogram oswa aktivite ke USDA te mennen oswa reyalize. Moun ki gen andikap ki bezwen mwayen kominikasyon altènatif pou enfòmasyon sou pwogram la (tankou bray, gwo lèt detache, kasèt, lang siy ameriken, etc.) dwe kontakte Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) nan kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki di pou tande oswa ki gen pwoblèm pou pale gendwa kontakte USDA pa mwayen Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis, enfòmasyon sou pwogram lan gendwa disponib nan tout lang yo apa de lang angle a.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli Fòm Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, (AD-3027), ke wap jwenn sou entènèt nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA oswa ekri yon lèt voye li bay USDA epi mete nan lèt la tout enfòmasyon ke yo mande nan fòm la. Pou mande yon kopi fòm pou plent la, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la bay USDA pa: (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410, (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak Pwogram Èd pou Nitrisyon Sipleman (SNAP) a, moun yo dwe swa kontakte nimewo pou èd nan telefòn USDA SNAP la nan (800) 221-5689, ki an panyòl tou oswa rele nimewo pou èd nan telefòn/enfòmasyon eta a (klike lyen pou yon lis nimewo pou èd nan telefòn pa eta); ke wap jwenn sou entènèt nan: http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm. Pou depoze yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd finansye federal atravè depatman sèvis sante ak pou moun (HHS) nan Etazini (Department of Health and Human Services, HHS), ekri: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele (202) 619-0403 (vwa) oswa (800) 537-7697 (TTY). Enstitisyon sa se yon founisè pou opòtinite egal.